

Biwo Egzekitif pou Revizyon Imigrasyon

Enstriksyon : Fòmilè sa a se pou pati k ap patisipe nan pwosè devan Komisyon Rekou pou Imigrasyon (BIA). Pou ou konplete fòmilè sa, ranpli tout espas vid ki anba, ki gen ladan prèv sèvis la, ki sètifye ke w ap bay Depatman Sekirite Entèn (DHS) yon kopi fòmilè sa. Lè ou fin ranpli espas vid yo epi ou fin siyen e deklarasyon an e prèv sèvis la, ou dwe voye fòmilè a bay Biwo Grefye BIA pa mwayen elektwonik, an pèsòn oswa pa lapòs. Si w ap voye li pa mwayen elektwonik, depoze li sou Pòtay Deklaran sou <https://respondentaccess.eoir.justice.gov>. Avoka ak reprezantan ki gen akreditasyon konplè ki ap voye fòmilè sa dwe soumèt li sou Pòtay Dosye a sou <https://portal.eoir.justice.gov>. Si w ap voye li pa lapòs, swiv enstriksyon ki nan Paj 2. Ou dwe voye yon kopi separe fòmilè sa pou chak moun ki gen yon rekou ann atant devan BIA e ki afekte pa chanjman enfòmasyon an.

Ou dwe ranpli fòm sa a ak BIA nan espas senk jou travay apre enfòmasyon kontak ou chanje. BIA ap voye tout korespondans ofisyèl (pa egzanp, avi, desizyon) nan adrès ou bay la. BIA ap fè chanjman nan enfòmasyon kontak ou nan dosye EOIR la sèlman lè li resevwa fòmilè sa a ; BIA p ap chanje enfòmasyon kontak ou baze sou diferan enfòmasyon ki nan pledwaye, mosyon, oswa lòt kominikasyon ak BIA. Nòt : Avoka ak reprezantan ki gen akreditasyon konplè ki ap reprezante yon moun k ap reponn devan BIA pa ta dwe itilize fòmilè sa a pou endike pwòp chanjman adrès pa yo ; chanjman sa yo ta dwe pito reflète sou yon Fòmilè EOIR-27 (Avi Antre sou Konparisyon kòm Avoka oswa Reprizantan Devan Komisyon Konsèy la).

Non – Siyati, Prenon, Dezyèm Prenon, Sifiks (si aplikab) : Name – Last, First, Middle, Suffix (if applicable):	Nimewo A : A-Number:
---	-------------------------

ANSYEN adrès mwen ak nimewo telefòn mwen se te : My FORMER address and phone number were:	Adrès ak nimewo telefòn AKTYÈL mwen se : My CURRENT address and phone number are:
« sou kont » yon lòt moun (si aplikab) “in care of” other person (if any)	« sou kont » yon lòt moun (si aplikab) “in care of” other person (if any)
Nimewo ; R i; Apatman (si aplikab) Number; Street; Apartment (if any)	Nimewo ; R i; Apatman (si aplikab) Number; Street; Apartment (if any)
Vil, Éta, ak Kòd Postal ; Peyi (si se pa Etazini) City, State, and ZIP code; Country (if other than U.S.)	Vil, Éta, ak Kòd Postal ; Peyi (si se pa Etazini) City, State, and ZIP code; Country (if other than U.S.)
Nimewo telefòn (mete endikatif peyi a si se pa Etazini) Phone Number (include country code if other than U.S.)	Nimewo telefòn (mete endikatif peyi a si se pa Etazini) Phone Number (include country code if other than U.S.)
Adrès Imèl Email Address	Adrès Imèl Email Address

Mwen deklare anba pèn pou fo temwayaj, dapre 28 U.S.C. § 1746, ke mwen se moun ki lonmen pi wo a ki asosye ak Nimewo « A » ki ekri pi wo a epi ke enfòmasyon ki nan fòmilè sa a se verite e kòrèk dapre sa mwen konnen.

**SIYEN LA**  \_\_\_\_\_ x \_\_\_\_\_  
Siyati Dat

PRÈV SÈVIS


Mwen, \_\_\_\_\_, te bay yon kopi fòmilè chanjman adrès sa a nan dat, \_\_\_\_\_  
(Non) (dat)

bay Biwo Konseye Jiridik Prensipal DHS pou Imigrasyon ak Ranfòsman Ladwàn (ICE) nan adrès:

(Endike si yon sèvis elektwonik/imèl, oswa yon sèvis an pèsòn oswa lapòs (bay nimewo ak lari, vil, Eta, ak kòd postal la))

Lè mwen siyen, mwen dakò pou bay yon kopi Fòmilè Chanjman Adrès sa a bay Biwo Konseye Jiridik Prensipal DHS pou Imigrasyon ak Ranfòsman Ladwàn (ICE) nan kote mwen te chwazi pi wo a. Mwen konprann ke mwen ka bay DHS yon kopi swa elektwonikman atravè pòtay sèvis elektwonik DHS la (ki anrejistre sou <https://eservice.registration.ice.gov>), swa pa lapòs oswa livrezon pèsònèl.

Okenn sèvis pa nesèsè. Mwen se yon itilizatè ECAS ki anrejistre ki te soumèt atravè Pòtay Ka ECAS la.

**SIYEN LA**  \_\_\_\_\_ x \_\_\_\_\_  
Siyati

# ENSTRIKSYON SÈVIS

- Bay yon kopi fòmilè sa ki ranpli a bay Biwo Konseye Jiridik Prensipal (OPLA) de DHS ICE lè ou sèvi avèk metòd ou espesifye nan PRÈV SÈVIS ki pi wo a. Kopi ki bay elektwonikman ka fèt atravè Pòtay Sèvis elektwonik DHS ICE, ki sitiye sou <https://eserviceregistration.ice.gov> Adrès lokal DHS ICE OPLA kote yo ka voye kopi oswa voye yo an pèsòn disponib anliy sou <https://www.ice.gov/contact/legal>. Si w pa respekte egzijans sa yo, EOIR ka pa aksepte dokiman an.
- Pou voye fòmilè a bay Komisyon Rekou pou Imigrasyon, pliyè paj la nan liy pwentiye ki make « Pliye La » pou adrès la ka vizib. (**Enpòtan:** Asire w ke seksyon adrès la vizib apre w fin pliyè paj la.)
- Agrafe, oswa sekirize yon lòt fason, fòmilè ki plwaye a sou pwent ouvè ki make « Sekirize La. »
- Mete tenb lapòs ki apwopriye a nan zòn ki make « Mete Tenb Lan La. »
- Ekri adrès ou nan zòn ki make « METE ADRÈS OU LA. »
- Voye fòmilè orijinal la bay Komisyon Rekou pou Imigrasyon.

## Pliye La

### METE ADRÈS OU LA

---

---

---

---

Mete  
Tenb lan  
La

**U.S. Department of Justice**  
*Executive Office for Immigration Review*  
*Board of Immigration Appeals*  
*Clerk's Office*  
5107 Leesburg Pike, Suite 2000  
Falls Church, VA 22041

## Pliye La

### Avi Lwa sou Konfidansyalite

Enfòmasyon ki sou fòmilè sa a obligatwa selon 8 U.S.C. § 1229(a)(1)(F)(ii) ak 8 C.F.R. § 1003.15(d)(2) pou kapab notifiye EOIR Komisyon Rekou pou Imigrasyon an sou nenpòt chanjman adrès oswa nimewo telefòn. Enfòmasyon ou bay yo obligatwa. Si w pa bay enfòmasyon yo mande a, sa limite avi w ap resevwa a epi sa ka lakòz konsekans negatif ki endike anwo a. EOIR ka pataje enfòmasyon sa yo ak lòt moun an akò ak itilizasyon woutin apwouve ki dekri nan sistèm anrejistreman avi EOIR la EOIR-001, Sistèm Anrejistreman ak Jesyon Enfòmasyon, epi ak EOIR-003, Dosye Plent Disiplinè Praktisyonè.

Ou ka ranpli fòm sa a anliy tou lè ou eskane kòd QR ki sou bò dwat la ak telefòn entèlijan w lan (iPhone oswa Android) oswa lè w vizite <https://respondentaccess.eoir.justice.gov>.



Sekirize La

Fòmilè EOIR-33/BIA  
Revize Fevriye 2024